**O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI**
**XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A`JINIYaZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI**

*I.Jumaniyazov, B.Qalmenov, Q.Bo`ribaev*

# *Saz a`sbapların shertip u`yretiw*

**(*metodikalıq qollanba*)**





**NO`KIS - 2008**

*Du`ziwshiler: I.Jumaniyazov, B.Qalmenov, Q.Bo`ribaev*

O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` 2008-jıl 7-yanvardag`ı biyligi tiykarında balalar muzıka ha`m ko`rkem-o`ner mekteplerinin` materiyallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew, olardın` jumısın bunnan bılay da jaqsılaw ha`m 2009-2014 jıllarg`a mo`lsherlengen ma`mleketlik bag`darlamanı tayarlaw boyınsha ilajlar haqqındag`ı wazıypalardan kelip shıg`ıp, bul qollanba prezidentimizdin` «Ulıwma bilim beretug`ın, ja`ne balalar muzıka ha`m ko`rkem-o`ner mektepleri ushın muzıka pa`ni boyınsha ma`mleketlik oqıw standartları menen bag`darlamaların, sabaqlıqlar menen metodikalıq qollanbalardı zamanago`y o`lshemler tiykarında jetilistiriw na`zerde tutılsın»-degen biyligine tiykarlanıp islep shıg`ıldı.

Bul qollanba joqarg`ı oqıw orınlarında, ka`sip-o`ner kolledjleri ha`mde muzıka mekteplerindegi o`tiletug`ın jeke sabaqlarında oqıtıwshılar paydalanıwı ushın usınıladı.

*JUWAPLI REDAKTOR:*

*K.M.Koshanov* – A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı filologiya ilimlerniin` kandidatı, professor.

*PIKIR BILDIRIWShILER:*

1. *K.Asqarov* – A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı muzıkalıq ta`lim kafedrası dotsenti, Qaraqalpaqstang`a miyneti sin`gen ko`rkem-o`ner g`ayratkeri.

2. *D.Allanazarov* – A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı muzıkalıq ta`lim kafedrası dotsenti.

# K I R I S I W

Muzıka a`sbabında atqarıwshı sazende ha`r ta`repleme rawajlang`an, ko`rkemlik jaqtan sheber su`wretlewshi sazende bolıwı tiyis. Talabanın` keleshekte arnawlı qa`nige sıpatında jetilisiwinde, qanday ustazda ta`rbiyalang`anlıg`ı, sha`kirt sıpatında ustaz benen o`z-ara mu`na`sibetlerinin` qanday jag`dayda o`tkenligi u`lken a`hmiyetke iye. Ustazdan ta`lim alıwdın` a`hmiyetin xalqımız arasında uzaq o`tmishke iye ullı insanlar u`lgileri mısalında ko`riwimiz mu`mkin.

Bolajaq muzıka oqıtıwshısı-sazendeni zaman talabına say oqıtıwda, qaraqalpaq xalqının` bu`gingi ustazları sha`kirtlerge u`yretiwdegi pedagogikalıq usılların izertlep, u`yreniw ha`m qollanıwımız za`ru`r.

Qaraqalpaq xalqında ha`r qanday ka`sipti iyelewde ustazdan ta`lim alıw, saz u`yreniw, ha`zirge shekem dawam etip, a`sirden-a`sirge, na`silden-na`silge, a`wladlardan-a`wladlarg`a ruwxıy altın miyras bolıp kelmekte. Ha`r bir shan`araqta balasının` qosıq aytqanın, saz shertkenin, o`ner u`yrengenin qa`lep, og`an o`ner u`yretiw, ata-ananın` arzıw-a`rmanı bolg`an. Xalıq pedagogikasınan paydalanıwdın` na`tiyjeli bolıwı, ko`binese onı qollanıwdın` tu`rine de baylanıslı.

Sha`kirtlerdin` jas o`zgesheliklerine ha`m sharayatqa, jergilikli ortalıqtı esapqa alg`an halda xalıq pedagogikasınan paydalanıw, qollanıw maqsetke muwapıq.

Avtorlar ta`repinen bul qollanbanı usınıwdag`ı maqset, muzıkalıq pedagogikanın` usılların esapqa ala otırıp, sazendelik, a`meliy ha`m professional xarakterdegi mashqalalarg`a dıqqat awdarıw.

Durıs, saz-a`sbaplardı u`yreniw boyınsha bir qansha bag`darlama ha`m sabaqlıq, qollanbalar baspadan shıqqan «Qoshqar rubabı sabaqlıg`ı», «Duwtar darsligi», «Chang darsligi», «Gidjak darsligi» h.t.b. sabaqlıq ha`m metodikalıq qollanbalar bar. Biraq saz-a`sbapta atqarıwdın` perspektivalıq, texnikalıq mu`mkinshiliklerin ashıw ha`m onı sha`kirt-talabalarg`a qısqa waqıttın` ishinde sapalı u`yrete biliw ta`jriybelerin ele de ken` en jaydırıwdı, ha`zirgi jaslardın` qızıg`ıwshılıg`ı talap etpekte.

Bul jolda, yag`nıy saz-a`sbaplardı shertip u`yretiw jolında, №araqalpaq xalqı baqsı-jırawlardın` ustazdan-sha`kirtke u`yretiw usıllarına tiykarlanıp, ha`zirgi zaman jaslar talabında bilim ko`nlikpelerdin` ulıwmalasqan metodikasın ele de ken`irek islep shıg`ıwda sizlerdin` qosımsha usınıs ha`m pikirlerin`izdi ku`tip qalamız.

Ma`nzil: No`kis qalası, A.Dosnazarov ko`shesi, 104.
Ajiniyaz atındag`ı NMPI, muzıkalıq ta`lim kafedrası.

# USTAZ HA`M ShA`KIRT HAQQINDA

Danıshpan xalqımız a`zel-a`zelden muzıkanı, sazdı ma`deniy turmısının` en` za`ru`r ha`m ajıralmas bir bo`legi dep bilgen.

Ullı alım Farabiy ta`repinen tiykar salıng`an pa`nler tarmag`ına qarag`anda, muzıka to`rt matematikalıq ilimlerdin` biri bolıp esaplang`an. Sol da`wirlerde muzıka sanaatın u`yreniw, onın` teoriyalıq tiykarların biliw, qosıq aytıw, saz a`sbapta sheber atqarıw-bul jaqsı bilim alg`anlıq ha`m ta`rbiyalang`anlıqtın` belgisi bolg`an.

Naxshaviydin` «Tutinoma» atlı shıg`armasında to`mendegi qatarlar muzıkag`a bolg`an ayrıqsha dıqqattan derek beredi. *«Muzıka ilimi joqarı da`rejedegi pa`klik. Onı ha`r qanday insan ta`biyatı qamtıp ala almaydı, muzıkalı ilimge iye bolıw tek g`ana salamat, pa`k tuyg`ı iyesine g`ana nesip etedi. Aytıwlarg`a qarag`anda saz zibanının` haqıyqıy jemisin ha`m onın` na`zik sırların, sum qıyallardan jıraq bolg`an taza ha`m ba`lent qa`lb-tuyg`ıları g`ana an`lay alıwı mu`mkin».*[1]

Maqtumqulı «Ketiwshi bolma» qosıg`ında:

«Sum na`psi toymas hesh, urg`ıl basına,
Qanaat iyesi ersin qasın`a,
Kirmegil shaytannın` g`ulg`ulasına,
Jaqsının` qasınan ketiwshi bolma».

-dep keltirip, jaqsıg`a eriwdi, ustaz tutıwdı ha`m onnan jaqsı pazıyletlerin u`yreniwdi ma`sla`ha`t etedi.

Ustazlar a`zelden kishipeyillilik, haq kewillilik, haqıyqatlıq, saqıylıq, miynetkeshlik kibi qa`siyetler insan minezinin` mazmunı dep bilgen ha`m sog`an qarap sha`kirtlerine sın, baha bergen.

Qaraqalpaq xalqında ha`r qanday ka`sipti iyelewde ustazdan ta`lim alıw, saz u`yreniw ha`zirge shekem dawam etip, a`sirden-a`sirge, na`silden-na`silge, a`wladlardan-a`wladlarg`a ruwxıy altın miyras bolıp kelmekte. «Qolına saz uslag`an adam, hesh waqıtta jamanlıqqa barmaydı»-deydi dana xalqımız.

Biz ta`jiriybede ko`rip ju`rgenimizdey, joqarg`ı oqıw orınlarında ha`m kolledjlerde ta`lim alıp atırg`an ha`zirgi jaslar (yag`nıy keshegi mektep oqıwshılarının`) saz-a`sbapları ha`m olardın` atqarıwshılıg`ı haqqındag`ı tu`sinikleri az ha`m sayızday. Ko`p g`ana jaslar o`zleri ushın jat bolg`an «ırg`aqlar» ta`sirine berilgen. Bul o`z na`wbetinde muzıka ta`limin xalqımızdın` milliy qa`diriyatlarına su`yenip, izbe-iz islep shıg`ılg`an da`stu`rler tiykarında jolg`a qoyıw za`ru`rligin ko`rsetedi.

---

[1] Xasanov.A. «Musiqa va ta`rbiya». Toshkent. 1993.

Filosof Aristotel`din` aytqanınday «Muzıka adamnın` ruwxiyatı, minezine belgili bir da`rejede ta`sir etedi, demek solay eken ol jaslardı ta`rbiyalaytug`ın predmetlerdin` biri bolıp xızmet etiwi kerek».[2]

O`sip kiyatırg`an jas a`wladqa muzıkalıq ta`lim ha`m ta`rbiya beriwde ullı ha`m dana xalqımızdın` o`mir jollarınan, ta`rbiyalıq pikirlerinen paydalanıw, a`sirese qaraqalpaq shan`arag`ındag`ı ta`rbiyanı, ma`deniyattı, u`rp-a`detlerdi rawajlandırıw-bul muzıkalıq pedagogikanın` tiykarı bolıp esaplanadı. Xalıq pedagogikasınan paydalanıw, onı jaslar qızıg`ıwshılıg`ına sa`ykes texnologiyalastırıwdı zaman talap etpekte.

Q.Ayımbetov «Xalıq danalıg`ı» kitabında to`mendegi mag`lıwmat`lardı jazadı.

«Aqımbet baqsı qaraqalpaq xalqına baqsıshılıq o`nerdi taratıw maqsetinde en` da`slep bir o`zi sha`kirt tayarlag`an. Olardan Muwsa (1836-1907), Edenbay, Bayniyaz, Xoja, Dosnazar. Aqımbettin` bul sha`kirtleri ataqlı baqsı bolıw da`rejesine erisken». Ja`ne de usı kitapta: Muwsa baqsı tuwralı legendalarda «Muwsanın` Aqımbetti ustaz dep izlep ketiwinin` sebebi` bir toyda Muwsa duwtar shertip otırg`anda bir g`arrı kelip, Muwsanın` qolınan duwtardı julıp aladı`-«Baqsılıq o`nerdin` atın bılg`ap ju`rgen qanday adamsan`!-Duwtardı shertsen` durıslap shert»-depti. Son` jan`ag`ı g`arrı duwtardı qolına alıp Aqımbettin` namasına salıp bir saz shertkende Muwsanın` qattı arı kelip, Aqımbet baqsını ustaz tutıw ushın izlep ketken eken»[3]-deydi.

Maqtumqulının` qosıq qatarlarında keltirgenindey:

«Bası ma`jiliske kirmegen kisi,
Bir ha`m ıshqı otında ku`ymegen kisi,
Saz-sa`wbet la`zzetin su`ymegen kisi,
Ho`nerli jigittin` sazına turmas».

-dep saz-sa`wbet la`zzetine berilgen Muwsa, altı jıl Aqımbet baqsıg`a erip, son` ruxsat aladı da baqsı bolıp Shoraxang`a qaytadı.

Baqsı-jırawlardın` o`z o`nerin sha`kirtine u`yretiw usılların teren` izertlep, sabaqlıqlarg`a kirgiziw, baqsı sazendeliktin` ustazdan sha`kirtke miyras etip qaldırıw jolların zamanago`y usılda (texnologiyalastırıw) du`ziw, qurıw kerek boladı. Demek, biz ustazlar sha`kirtlerdin` qızıg`ıwshılıg`ın arttırıw jolında o`tmishke na`zer taslaw, izleniw jumısların alıp barıwımız tiyis.

Prezidentimiz I.A.Karimov, «Bizin` wazıypamız -en` a`wele, a`ne usı ruwxıy baylıg`ımızdı ha`m babalarımızdın` bay da`stu`rlerin dawam ettiriw»[4] -dep keltirip, ha`mmemizdi sol sahawatlı islerge shaqıradı.

Xalıq pedagogikasınan paydalanıwdın` na`tiyjeli bolıwı, ko`binese onı qollanıwdın` tu`rine de baylanıslı.

---

[2] Apraksina O.A., Xrestomatiya po metodike muzıkal`nogo vospitaniya v shkole. Moskva, «Prosveshenie», 54-55 bb. 1987.
[3] Ayımbetov Q., Xalıq danalıg`ı. No`kis. «Qaraqalpaqstan». 134-136-betler. 1988.

Sha`kirtlerdin` jas o`zgesheliklerine ha`m jergilikli sharayat, ortalıqtı esapqa alg`an halda xalıq pedagogikasınan paydalanıwdın` to`mendegi tu`rlerinen qollanıw maqsetke muwapıq.

1. Qaraqalpaq xalqının` tariyxı ha`m ma`deniyatına baylanıslı arnawlı kurslar, qosımsha saatlar ajıratıw.

«Milliy u`rp-a`det ha`m da`stu`rler», «Ko`rkem-o`ner», «Milliy ma`deniyat tariyxı», «Baqsılar», «Jırawlar» h.t.b. temada u`yreniw, shug`ıllanıw jumısları alıp barıladı.

2. Qaraqalpaq xalqının` tariyxı ha`m ma`deniyatı menen baylanıslı jerlerge sayaxatlar sho`lkemlestiriw, gu`rrin`-sa`wbetler ju`rgiziw.

3. Xalıq bayramları ha`m seyilleri a`meliy jobalastırılıp o`tkeriledi.

4. Folklor etnografiyalıq toparlar (ansambller) ha`m jeke atqarıwshılar sho`lkemlestirilip, («Jas-jıraw», «Jas-baqsı», «Jas-sazende» h.t.b) tan`law jarıslarg`a qatnastırıladı.

## *Ustazdın` sha`kirt penen jeke islesiwdegi wazıypaları*

Oqıtıwshı-ustaz ta`repinen ha`r sabaqtın` baslanıwında, sabaq maqseti ha`m wazıypaları haqqında tu`sinik berip o`tiledi. Bul barlıq saz-a`sbaplarına tiyisli. (Yag`nıy bul jerde tu`sinikli bolıwı ushın duwtar qa`nigeligin mısal retinde keltirip o`tpekshimiz. Usı bag`dardan kelip shıg`ıp basqa qashqar rubabı, girjek, chang h.t.b. saz a`sbaplarg`a da maslastırıp qollanıw usınıs etiledi.) Bul jepde tiykarınan baslang`ısh bilim ko`nlikpelerine iye talaba o`z betinshe yamasa duwtar sabaqlıg`ınan paydalang`an halda da`slepki qag`ıydalardı (mıs: otırıw, sazlaw h.t.b. bilimlerdi) biledi degen ko`z-qarasta tu`sinik beriledi. (Sebebi ol `oqıw ornına kiriw aldında usı qa`nigelikke tayarlanıp, imtixannan o`tken.) Bilimnin` sapalı bolıwı ushın bul jerde quramalastırılg`an wazıypalar ju`klenedi ha`m to`mendegi izbe-izlikte alıp barıladı.

Eger taza muzıkalıq shıg`armanı u`yreniw kerek bolsa, oqıtıwshı-ustaz sha`kirt penen birge namanı talqılap, analizlep bo`limlerge bo`lip shıg`adı. Oqıwshıg`a shıg`arma tolıq esittiriledi. Magnitofon arqalı yamasa o`zimiz tolıq shertip (aytıp) esittiremiz. Texnikalıq qıyın jerlerine, dinamikasına, oqıwshının` itibarın, dıqqatın awdarıp shertemiz. Son` birgelikte talqıg`a o`tip, namanın` xarakteri, ideyasında tiykarg`ı bas temanı tabıw. Akkomponiment ja`rdeminde, yag`nıy qosılıp shertiwde namanı anıqlaw. Nota (bayanatın) qatarlarının` sawatlı shertiliwi, takt ishinde nota sozımlılıqları anıqlıg`ı haqqında tu`sinik. %lshem, metr, dinamika, al`teratsiya belgileri ritm, h.t.b. teoriyalıq bilimlerin a`melde qollanıwın baqlaw, jol ko`rsetip barıw tiyis.

---

[4] Karimov I.A. O'zbekistonning o'z istiqlol va taraqqiyoti yo'li. T.: «O'zbekiston». 1992.

## USTAZ, ShA`KIRT PENEN BIRGELIKTE

1-muzıkalıq shıg`armanı tın`lap, talqı gu`rrin` o`tkerip, bir qansha ken` tu`sinikke iye bolg`annan keyin jay, aqırın tezlikte atqarıw.

2-taktpe-takt bo`lip u`yreniw, fraza ishinde taktler.

3-birinshi frazanı shertip atqarıw ha`m kemshilikleri saplastırılg`ansha ta`kirarlaw.

4-shıg`armanın` belgili bir bo`limin jay tempte atqarıw barısında sesler arasındag`ı baylanıs, saz-a`sbaptı uslaw qag`ıydasın baqlap, erkin shertiwin qadag`alaw.

5-usı bag`darda na`wbettegi frazag`a, reprizag`a, segnog`a o`tiw.

6-taktler arasındag`ı baylanıslardı biriktirip, shıg`armanı tolıq atqaratug`ın da`rejege shekem ta`kirarlaw arqalı kemshiliklerdi saplastırıw.

7-ustaz ta`repinen oqıwshı aldına quramalı qıyınlastırılg`an sha`rtler qoyıladı. Oqıtıwshı, yag`nıy ustaz benen birgelikte atqarıw, saz-a`sbaptı sazlaw, dinamikalıq belgilerine itibar beriw, repriza, segno, fonar h.t.b. bo`limlerin an`lı ra`wishte isenimli atqarıw.

8-shıg`armanın` tiykarg`ı pikirin, obrazın jetkere biliwi, namanın` baslanıwı, tamam bolıwı, sog`an usag`an atqarıwshılıq sheberliklerin tolıq iyelewin qadag`alap ha`m jetiskenliklerin aytıp, bahalap barıw tiyis.

*Sha`kirt ta`repinen namanı talqılaw, analiz etiw 3bag`darda boladı:*

1. U`yrenilip atırg`an muzıkalıq shıg`armanı frazalarg`a bo`liw, kompozitordın` «aytpaqshı» bolg`an pikirin «ga`plerge» bo`liw, qandayda bir da`wirlerge bo`lip tu`sinik bere alıwı;
2. Shıg`armanın` kulminatsiyalıq waqtın anıqlawı, onın` ayrıqshalıg`ın ko`rsete biliwi;
3. Seslerdin` ra`n`beren`ligin, sulıwlıg`ın, ko`rkemligin, ayrıqshalıg`ın qollanıwı.

Xalıq namalarında ko`pshilik jag`daylarda notada reaktsiyalıq ko`rsetpeler berilmewi mu`mkin. Mısalı P-pa`ske qaray shertiw, V-joqarıg`a shertiw «tsezura», «tremolo», «forshlag» h.t.b. mellizmler ko`rsetpeler. Sonın` ushın atqarıwshıdan bulardı talap etiw, bilmegen jerin ko`rsetiw, oqıtıwshının` yag`nıy ustazdın` wazıypasına kiredi. Jaqsı qa`biletke iye sazende o`zinin` saz-a`sbabının` mu`mkinshiliklerin biledi, sezedi ha`m u`zliksiz ko`rkem, shıraylı atqarıwg`a talpınadı, aqırg`ı juwmag`ın o`zinin` esinde saqlap qaladı.

Eger atqarıwshı do`retiwshinin` nama arqalı aytpaqshı bolg`an pikirin emotsiyalıq ta`sirlenip tu`sinse, temp, ritm, dinamikalardı saqlap notag`a qarap «oqıy alsa»-demek ol muzıkalıq shıg`armanın` ko`rkem negizin ashıp, sawatlı shertiw mu`mkinshiligine iye boladı. «Notanı oqıw» barısında onın` mazmunın, xarakterin birden ilip alıp onı tın`lawshıg`a jetkeriwge tırısıw kerek. Bunın` ushın ko`p tayarlıq, shınıg`ıwlar islew kerek boladı. Notadan «oqıw» barısında ko`z benen ko`rgen qag`azdag`ı ta`sirlerdi birden qozg`alıs reaktsiyasına endiriw, sazendenin` tiykarg`ı

wazıypası bolıp esaplanadı. Sonın` ushın «ishten esitiw» ko`riw qa`biletinin` tezligi u`lken a`hmiyetke iye. Ko`rkem shıg`armanın` tiykarg`ı ideyasın tın`lawshıg`a jetkeriw ushın joqarıdag`ı a`mellerge su`yene otırıp shınıg`ıwlar, etyud, gammalar shertip ha`r ku`ni 30-45 minut tayarlıq islerin alıp barıw usınıladı.

## Q O S I M Sh A

### Oqıwshı o`z betinshe jeke islesiwi ushın to`mendegi a`debiyatlar usınıladı:


1. Oqıtıwshının` oqıwshı ushın ha`r ku`ni o`z u`stinde tayarlanıwı ushın beregn shınıg`ıwları, etyud, gammaları.
2. Asilov M.A., Vasil`ev F.N. Duwtar darsligi. Toshkent, «O’qituvchi» 1977.
3. Allanazarov D. Xalıq sazları. «Qaraqalpaqstan» 2004.
4. Ayımbetov Q. Xalıq danalıg`ı. No`kis.1992.
5. Nurmatov X. Kashkar rubabı darsligi. Toshkent.1976.
6. Odilov A., Petrosyants A. Chang darsligi. Toshkent, «O’qituvchi». 1976.
7. Petrosyants. A. Instrumentovedenie. Toshkent, «O’qituvchi». 1880.

*Saz-a`sbap u`yretiwde talaba menen jekke alıp barılatug`ın a`meliy sabaq jobası*

*(u`lgi ushın)*

2008-2009 oqıw jılı _____ sa`ne ______ ay _______ kurs_____.

Sabaq kestesi boyınsha talaba ___________________________

f. i. sh.

*Sabaq teması*

(Mısalı) tema. «Qaraqalpaq xalıq naması «Mın` tumen».

Sazendenin` shertiw usılları.

*Sabaqtın` maqseti*

Qaraqalpaq xalıq namaların duwtar a`sbabında shertip u`yreniw arqalı namanın` ta`rbiyalıq a`hmiyetine itibar beriw, tariyxınan biliw, muzıkalıq shıg`armanın` mazmunın ashıp beriw.

1. Ko`rgizbe qurallar.

Baqsı, jırawlar saz-a`sbaplar haqqında ko`rgizbeli plakatlar, notaları.

2. Saz-a`sbabları ha`m qosımsha a`debiyatlar.

3. Texnikalıq qurallar.

Kompyuter, «videoglaz», disketler, magnitofon. h.t.b.

*Sabaqtın` barısı*

A - sho`lkemlestiriw bo`limi.

Saz a`sbabların sazlaw, a`debiyatlar, notalar tayarlap qoyıw. Fonoteka` magnitofon, kompyuter faylları.

B - o`tilgen tema boyınsha ta`krarlaw ha`m berilgen tapsırmalardı baqlap, bahalaw.

*Talabag`a beriletug`ın sorawlar.*

1. Xalıq namaları degende neni tu`sinemiz?

2. Muzıkalıq shıg`armanı talqılap berin`.

3. Dinamikalıq belgilerdi atap o`tin` (u`yrenilgen melodiyanın`).

V - taza temanı u`yretiw.

## *Taza temanı o`tiw.* ***Muzıkalıq shıg`arma mazmunı haqqında gu`rrin`, sa`wbet***

*(u`lgi ushın)*

Ha`r qanday millet, sonın` ishinde insan o`zligin an`lawı tiyis. Jaslardın` sanalı, a`dep-ikramlı, o`nerli bolıwı ushın muzıkanın`, namanın` a`hmiyeti og`ada ullı.

Qaraqalpaq xalqının` o`zine ta`n ha`r bir da`wirge ılayıq ma`deniy miyrası, hasıl o`neri bar. Olar adamnın` da`rtine da`rman, jan jigerine ruwxıy quwat beretug`ın hasıl o`ner. A`zelden xalıq qosıqları, namaları ta`rbiya quralı bolıp kelgen. Qaraqalpaq xalıq namaları adamda jaqsı sezimlerdi, go`zzal tuyg`ılardı oyatıp bilim shen`berinin` ken`eyip barıwına jol ashadı. Sonday-aq danalarımızdın` aytqanınday - «Xalıq namaları bul a`jayıp ses beriwshi kitap. Onnan xalıqtın` o`tmishin oqıwg`a boladı». Bunın` da`lili sıpatında eski xalıq namalarının` birin u`yrenemiz.

## *«Mın` tu`men» xalıq naması*

«Mın` tu`men» so`zi ko`p ma`nili bolıp, xalıq awzında bir neshe a`psanalar bar. Olardan biri:

a) «Mın` tu`men»-a`sker bası. Mın` a`sker quramındag`ı topardı basqaratug`ın adamg`a aytılg`an. Sonı ta`riyiplewshi nama.

b) «Mın` tu`men»-ha`ykel, tag`ınshaqlar jıyındıg`ı. Bezew, sa`n beriwshi nag`ıs, tu`ymeler-dep tu`sindirilgen.

v) «Mın` tu`men»-bul pul birligi (mın`lag`an mın` som) aqsha.

g) «Mın` tu`men»-tu`yin, sırlı jumbaqlar jıynag`ı, yag`nıy o`mir jolındag`ı ushırasatug`ın ku`tilmegen burılıslar, oylı ba`lentlilik, tu`rli mashaqatlarının` ha`r qaysısı bir tu`yin, sonnan quralg`an «Mın` tu`men» (tu`yin) - degen boljawlar bar.

«Mın` tu`men» - degen bir g`ana atamasının` o`zi filosofiyalıq oy-pikirler keltirip shıg`arıwshı atama. Milliy ma`deniyatımızdın` tiykarı bolg`an xalıq namaların ha`r tın`lag`an sayın onın` jan`a ko`rkem qırların seze beremiz. Xalıq namaların tın`law, kelip shıg`ıw tariyxın u`yreniw, mazmunının` mag`ızın shag`ıp tu`siniw ushın ko`p izleniw, qayta-qayta ta`kirarlap, shertiw kerek boladı. O`sip, rawajlanıp kiyatırg`an ha`zirgi zaman jaslarına muzıeanı ta`lim-ta`rbiya quralı sıpatında qollanıw, son`g`ı a`wladqa taza halında altın miyras etip qaldırıw-bul bu`gingi dilgir muzıka qa`nigelerinin` baslı wazıypası bolıp esaplanadı.

Alisher Nawayının` pikirinshe, «Sazendenin` kewli mag`analı baylıqqa tolı bolıwı za`ru`r. Sol ma`niler baylıg`ın tek g`ana ju`rekte saqlap qalıw menen sheklenbesten, tın`lawshılar kewline nur-

zıya tu`rinde taratıwı da kerek». Oqıwshıg`a usı ta`qilette awızsha tu`sinikler berilgennen keyin birgelikte shertip u`yrenemiz.

Qaraqalpaq xalıq naması: «Mın` tu`men».

*Namanı taktlerge bo`liw.* Oqıwshının` dıqqatın namanın` texnikalıq qıyın jerlerine qaratıp, birgelikte talqılawg`a o`temiz. Namanın` xarakteri ideyasında tiykarg`ı bas temanı tabıw. Nota bayanatın sawatlı shertiliwin, o`lshem, metr dinamika al`teratsiya belgileri, ritm, lad ha`m basqa teoriyalıq bilimlerinin` a`melde qollanılıwın baqlaw, jol ko`rsetip barıw.

Endi jay, aqırın tezlikte shıg`armanın` belgili bir bo`limin atqarıw barısında sesler arasındag`ı baylanıs, barmaqlar jaylasıwı, saz a`sbaptı uslaw, qag`ıydaların baqlap oqıwshının` erkin, durıs otırıwın  ko`zden o`tkerip, usı bag`darda namanı taktlerge bo`lip u`yrenemiz.

U`yrenilip atırg`an (shıg`armanı) taza namanı talqılaw, to`mendegi etaplarda alıp barıladı.

1. Namanın` bo`limlerinen, fraza, taktlerge shekem maydalap bo`liw.

2. Lad, tonlıg`ın anıqlaw.

3. Shıg`armanın` kulminatsiyasın anıqlaw.

4. Seslerdin` sulıwlıg`ın, ko`rkemliligin qollana biliw (forshlag, tremolo, glissando h.t.b mellizmlerdi shertip u`yreniw).

Notanı oqıw barısında onın` mazmunın, xarakterin birden ilip alıp, onı tın`lawshıg`a jag`ımlı, ta`sirli etip jetkeriw kerek. Oqıwshı notadan qarap «oqıw» barısında ko`z benen ko`rgen qag`azdag`ı ta`sirlerdi birden qozg`alıs ha`reketine endiriwi tiykarg`ı wazıypa.

Sonın` ushın «ishten esitiw» (slux) ha`m ko`riw qa`biletinin` tezligi u`lken a`hmiyetke iye. Usı taqlette nama tolıq u`yrenilip shıg`ıladı.

Muzıkalıq shıg`armanın` du`zilisi (texnologiyası) onın` mazmunınan kelip shıg`adı. Shıg`arma qurılısında obrazlar, minezler, kewil sezimleri anıqlanadı.

O`mirdin` kishkene ta`shwishlerinen baslap en` baslı ulıwma adamgershilik wazıypaları sıyaqlı shıg`arma mazmunının` a`piwayı ha`m quramalı ko`lemine qarap bahalaymız.

V.Bryusov: «Gu`ldin` sızıqlı su`wret ko`rinisleri menen onın` jag`ımlı iyisi arasında na`zik hu`kimdar baylanıslar bar». Ta`biyattın` o`zine ta`n bayanlawshı ren`i, sayası, su`wretlew ko`lemi, ta`kirarlanbas sesti bar. Su`wretlew o`nerindegi sıyaqlı ren`, saya, ko`lem muzıkada da bar. Demek muzıkalıq shıg`armanın` mazmunı, sol o`zindegi sırlı ma`nilerdi, jumbaqlardı ashıp beredi.

Ko`rkem shıg`arma hesh qashanda ulıwma ko`riniste bayanlanbaydı, onda ha`mme waqıt anıq bir na`rsege, belgili bir adamg`a, pikirge, ertek qaharmanına, (gu`lge yamasa qusqa) itibar qaratıladı. Yag`nıy tek sol adam (gu`l, qus) haqqında onın` ta`kirarlanbas minezleri, kelbeti ta`g`diyri haqqında bayanlaydı. Sonın` ushın biz dıqqattı ko`birek shıg`arma qurılısına, mazmunına qaratıwımız tiyis. Du`n`yada birdey eki adamnın` bolmag`anınday muzıkada da birdey variatsiyalar

joq, al ta`kirarlanbas muzıkalıq mazmun bar. *Mazmunda ken` tu`siniwde melodiya, garmoniya, ritm, aktsentler u`lken ma`nilik a`hmiyetke iye.*

Namanın` uzın yamasa qısqalıg`ına qaramay mazmun teren` ha`m ken` bolıwı mu`mkin. Bunda maydan shen`beri ha`m waqıt o`z shegarasın ken`eytip atırg`anday sezimlerdi payda etedi.

*Namanın` mazmunın ashatug`ın gilti, tu`yini qaytalanbas ta`rizde barlıq a`rmanlar a`leminin` perdesin ashıp beredi.*

Al muzıkada mazmundı ashıp beriw ushın ta`krarlaw (repriza) namanı rawajlandırıw ushın muzıkanın` barlıq etaplarında qayta kelip, ta`kirarlanıp otıradı. Bul jerde pikir, izsiz joq bolıp ketpewi ushın qaytalap ju`zege keledi.

Muzıka mazmunı tek g`ana quwanısh ha`m qayg`ını emes, pikirler baylıg`ı, sıyqırlı, sırlı o`mirdin` teren` jasırınıp atırg`an ko`rinbes qırların ashıp beredi.

Sazende, muzıkalıq shıg`armanı atqarg`anda sol ko`rinbes qırlardı ashıp beriwge umtılıwı kerek.

### *Sabaqtı bekkemlew ushın sorawlar ha`m tapsırmalar*

1. Namanın` basqa saz a`sbapta shertiliwi. (Duwtar, rubab, girjek, skripka)

2. Orkestrde, ansambl`degi sol namanın` ta`siri ku`shi, ta`rbiyalıq a`hmiyeti qanday? Qanday saz-a`sbaplardı bilesiz? (sazlanıwı)

3. Saz-a`sbaplardı sheber atıqarıwshı sazendeler haqqında mag`lıwmat toplan`.

*Tu`sindirme*: Oqıtıwshı ha`r jılı to`mendegishe jobalardı du`zedi.

1. Kalendar-tematikalıq joba

2. Talabalarg`a beriletug`ın muzıkalıq shıg`armalar dizimi, yag`nıy repertuar joba.

3. Ha`r talabag`a bekitilgen shıg`armalardı orınlaw jobası

Bul jobalar kafedra baslıg`ı (bo`lim baslıg`ı) ta`repinen tastıyıqlanadı.

Muzıkalıq ta`lim kafedrası oqıtıwshısı ____________________________

F. I. Sh.

2008-2009 oqıw jılı. 1-kurs ushın «Jeke sabaqlar» boyınsha

kalendar-tematikalıq is jobası

*( u`lgi)*

Oqıw jılı I-yarımı

| № | Tema atları | Ulıwma saat | Sonın` ishinde | | Sa`ne |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | A`meliy | O`z betinshe jumıs | |
| 1 | Saz-a`sbabın sazlawdı u`yretiw,otırıw qag`ıydası,duwtarda perdeler jaylasıwı. | 2 | 2 | 1 | |
| 2 | Qollar (shep, on`) ushınshınıg`ıwlar shertiw. Da`s tu`rleri. Talabanın` uqıbına qarap nama bekitiw. | 2 | 2 | 1 | |
| 3 | Gamma, etyudlar shertiw. O`z betinshe islew ushın tapsırmalar. | 2 | 2 | 1 | |
| 4 | Duwtardı shertiw usılları ilip, qag`ıp shertiw (shtrixlar) ha`r qıylı da`sler. | 2 | 2 | 1 | |
| 5 | 1-nama u`stinde islew. Takt, frazalarg`a bo`liw. | 4 | 4 | 1 | |
| 6 | Muzıkalıq shıg`armanın` tonlıg`ın anıqlaw, dinamikalıq belgilerin anıqlaw ha`m atqarıw usılları haqqında | 4 | 4 | 1 | |
| 7 | Namada ushırasatug`ın al`teratsiya belgileri u`stinde islew. O`lshem, takt. | 4 | 4 | 1 | |
| 8 | Berilgen w-namanı taktpe-takt frazalarg`a bo`lip u`yreniw. | 4 | 4 | 1 | |
| 9 | Berilgen 3-nama u`stinde islew ha`m talabag`a o`z betinshe islew ushın tapsırmalar beriw. | 4 | 4 | 1 | |
| 10 | 1-2-3- namalardı irkinishsiz shertip u`yreniw oqıw jılının` 1-yarım juwmaqlaw bahalawg`a tayarlaw ushın a`meliy tapsırmalar, konsertmeyster menen islew. | 4 | 4 | 1 | |
| | Ja`mi | 30 | 30 | 10 | |

Pa`n oqıtıwshısı: ________________________________

## ShIG`ARMALARDI ORINLAW JOBASI

Muzıkalıq ta`lim kafedrasının` ____ kurs ___________________________________

talaba, (oqıwshısı) __________________________________________________________

F. I. Sh.

Talaba menen alıp barılatug`ın jumıslardın` mazmunı ha`m maqseti

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

Talabanın` muzıkalıq sawatı ha`m og`an qısqasha minezleme

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

Muzıkalıq ta`lim kafedrası

№___ bayanlaması menen tastıyıqlandı

Kafedra baslıg`ı_________________

Oqıw jılının` I yarımı ushın jeke sabaqtın` jobası

Kurs ___ Talaba ______________________________________

| № | Muzıkalıq shıg`armanın` atı | (Do`retiwshi) Kompozitor | Semeestr juwmag`ındag`ı bahası | |
|---|---|---|---|---|
| | | | 1-aralıq bahalaw<br>Texnikalıq attestatsiya | 2-aralıq bahalaw<br>Akadem. attestatsiya |
| 1 | | | | |
| 2 | | | | |
| 3 | | | | |
| 4 | | | | |
| 5 | | | | |
| 6 | | | | |
| 7 | | | | |
| 8 | | | | |

Pa`n oqıtıwshısı: ________________________________

Muzıkalıq ta`lim kafedrası

№____ bayanlaması menen tastıyıqlandı.

Kafedra baslıg`ı__________________

Oqıw jılının` II- yarımı ushın jeke sabaqtın` jobası

Kurs___Talaba_________________________________________________________

| № | Muzıkalıq shıg`armanın` atı | (Do`retiwshi) Kompozitor | Semeestr juwmag`ındag`ı bahası | | Juwmaqlaw bahası |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1-aralıq bahalaw Texnikalıq attestatsiya | 2-aralıq bahalaw Akadem. attestatsiya | |
| 1 | | | | | |
| 2 | | | | | |
| 3 | | | | | |
| 4 | | | | | |
| 5 | | | | | |
| 6 | | | | | |
| 7 | | | | | |
| 8 | | | | | |

Pa`n oqıtıwshısı: ________________________________

## *P A Y D A L A N I L  G`A N  A` D E B I Ya T L A R*:

1. Ayımbetov Q., Xalıq danalıg`ı. No`kis. «Qaraqalpaqstan». 134-136-betler. 1988.
2. Allanazarov D. Xalıq sazları. «Qaraqalpaqstan», 2004.
3. Allanazarov D. Altın miyras. «Bilim», 2005.
4. Apraksina O.A., Xrestomatiya po metodike muzıkal`nogo vospitaniya v shkole. Moskva, «Prosveshenie», 54-55 bb. 1987.
5. Asilov A., Petrosyants A. Chang darsligi. Toshkent, «O'qituvchi», 1976.
6. Asilov A., Vasilev F.N. Dutor darsligi. Toshkent, «O'qituvchi». 1989.
7. Petrosyants A. Instrumentovedenie. Toshkent, «O'qituvchi». 1880.
8. Gleyxman V. Balalayka pedagogik repertuarı». M., 1992.
9. Ilyuxin A. Balalayka o'rganish kitobi. M., 1992.
10. Ilyosov A. Dutor o'rganish kitobi. T., «O'qituvchi», 1992.
11. Manich P. Balalayka. Kiev, 1995.

## *M A Z M U N I*

Kirisiw

Ustaz ha`m sha`kirt haqqında

Ustazdın` sha`kirt penen jeke islesiwdegi wazıypaları

Oqıwshı o`zbetinshe jeke islesiwi ushın

Saz-a`sbap u`yretiwde talaba menen jekke alıp barılatug`ın a`meliy sabaq jobası

Kalendar-tematikalıq is joba

Oqıw jılının` I-yarımı ushın jeke sabaqtın` jobası

Oqıw jılının` II-yarımı ushın jeke sabaqtın` jobası

*Du`ziwshiler: I.Jumaniyazov, B.Qalmenov, Q.Bo`ribaev*

# *Saz a`sbapların shertip u`yretiw*

*(metodikalıq qollanba)*

Metodikalıq qollanba A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı ilimiy-metodikalıq ken`esinin` 14 noyabr` 2008 jılg`ı №1 protokolı menen baspadan shıg`arıwg`a usınıs etilgen.

Tex. redaktor U.B.Balımova
Korrektor A.Sarıbaeva
Operator N.Nısanbaev

A`jiniyaz atındag`ı NMPI redaktsiya-baspa bo`limi

A`jiniyaz atındag`ı NMPI kishi baspaxanasında basılg`an. 2008ж.
Buyırtpa № 0156 Nusqası – 100 dana. Formatı 60x84.
742005, No`kis qalası, A. Dosnazarov ko`shesi-104. Reestr №11-0927